

DÉZIÈM PATI

Sélébrasion mistè krétyin-an

DÉZIÈM SÉKSION

Sèt sakréman l'Égliz-la

KATRIYÈM CHAPIT

Lòt sélébrasion litijik-yo

ATIK 1

Sakramantal-yo

1667 « Sint Égliz-la ki Manman té institué Sakramantal-yo. Yo sé sign sakré ki imité kèk nan sakréman-yo, yo indiké yon efè spirituèl épi efè sa-a rivé palintèmediè intèvansion priyè l'Égliz-la. Gras a yo, moun-yo vîn dispozé pou résévoua rézilta Sakréman prinsipal-yo épi yo sanktifié diféran sikonstans lavi-a » (SC 60 ; cf. CIC, can. 1166; CCEO, can. 867).

Lign karaktéristik sakramantal-yo

1668 L'Égliz-la té institué yo pou sanktifikasion kèk ministè nan l'Égliz-la, kèt éta kondision lavi, kèt sikonstans lavi krétyin-an ki diféran anpil, épitou pou sèvi ak kèk bagay ki itil moun-nan. Dapré désizion pastoral Évèk-yo yo kapab koréponn tou ak kèk bézouin kilti épi istoua pèp krétyin-an ki pròp pou kèk réjion oubyin kèk épòk. Yo toujou gin yon priyè ki akonpagné anpil foua ak yon sign détèminé, tankou inpozision min-yo, sign koua-a, aspèsion ak dlo bénit-la (ki raplé Batèm-nan).

699, 2157

1669 Yo soti nan sasèrdòs batismal-la : yo rélé tout moun ki batizé pou-l tounin yon « bénédikcion » (cf. Gn 12, 2) épi pou-l béni (cf. Lc 6, 28 ; Rm 12, 14 ; 1 P 3, 9). Sé poutèt sa layik-yo kapab prézidé kèk bénédikcion (cf. SC 79 ; CIC, can. 1168) ; plis yon bénédikcion konsèné lavi éklézial-la épi sakramantèl-la, sé plis yo rézèvé prézidans li pou yon minis òrdoné (Évèk-yo, prèt-yo oubyin diak-yo ; cf. *De Benedictionibus*, Praenotanda generalia 16 et 18, ed. typica 1984 p. 13-15).

784
2626

1670
1128, 2001

Sakramantal-yo pa bay lagras Éspri-Sin-an minm jan ak sakréman-yo, min palintèmediè priyè l'Égliz-la yo préparé pou résévoua lagras-la épi yo dispozé pou kolaboré avèk-li. « Tout événman lavi-a vîn sanktifié nan fidèl ki byin dispozé-yo palintèmediè lagras Bondié-a ki koulé sot nan mistè paskal soufrans, lanmò ak réziréksion Kris-la, koté tout sakréman ak sakramantal-yo pran fòs yo ; prèské pa gin okinn itilizasion onèt réalité matérièl-yo ki pa kapab al nan finalité pou-l sanktifié moun-nan épi bay Bondié louanj » (SC 61).

Diféran fòm sakramantal-yo

1671
1078

Pami sakramantal-yo ginyin toudabò *bénédiksion-yo* (moun-yo, répa-yo, bagay-yo, éspas-yo). Tout *bénédiksion* sé yon louanj Bondié épi yon priyè pou nou rivé jouinn kado-l yo. Nan Kris-la, Bondié Papa-a béni krétyin-yo « nan tout *bénédiksion* Éspri-a » (Ep 1, 3). Sé poua l'Égliz-la bay *bénédiksion* antan-l invoké Non Jézu épi nòmalmant antan-l fè sign koua Kris-la.

1672
923
925, 903

Gin kèk *bénédiksion* ki gin yon finalité k-ap diré : yo fèt pou *konsakré* moun bay Bondié épi rézèvé kèk réalité ak kèk éspas pou sèvis litijik-la. Nan pami sa ki déstiné pou moun-yo – san yo pa doué konfonn yo ak yon òrdinasion sakramantèl – gin *bénédiksion* abé avèk abès monastè-yo, *konsékrasyon* vièj-yo ak vèv-yo, rit profésion rélijijé-la épi *bénédiksion* pou kèk ministè nan l'Égliz-la (léktè, akolit, katéchist, etc.). Kòm égzanp pou sa-yo ki konsèné réalité-yo, yo kapab sité dédikas oubyin *bénédiksion* yon légliz oubyin yon otèl, *bénédiksion* luil ki sin-yo, véso ak vètman sakré-yo, klòch-yo, etc.

1673
395
550
1237

Lè l'Égliz-la mandé piblikman épi avèk otorité, nan non Jézu-Kri, pou yon moun oubyin yon réalité protèjé kont Malin-an épi soti anba dominasion-l, yo rélé sa yon *égzòsism*. Jézu té pratiké-l (cf. Mc 1, 25-26), sé nan li l'Égliz-la gin pouvoua ak fonksion pou-l égzòsizé (cf. Mc 3, 15 ; 6, 7. 13 ; 16,17). Nan yon fòm sinp, yo fè *égzòsism* nan sélébrasion Batèm-nan. *Égzòsism* solanèl, sa yo rélé « gran *égzòsism* », sé sèlman yon prèt ki kapab fè-l avèk pèmision Évèk-la. Nan bagay sa-a, yo doué avansé avèk prudans, antan yo obsèvé yon fason strikt règléman l'Égliz-la établi yo. *Égzòsism*-nan gin intansion chasé démon-yo oubyin libéré anba influyans démon-an épi li fè sa ak otorité spirituèl Jézu té konfié l'Égliz li-a. Sé bagay ki vrèman diféran ak ka maladi, sitou mantal, sé sians médikal-la ki pou pran souin sa-yo. Sé poutèt sa sa gin gran inpòtans pou anvan yo sélébré yon *égzòsism*, yo gin asirans sé yon prezans Malin-an épi sé pa kèk maladi (cf. CIC, can. 1172).

Maniféstasion rélijion-an nan pèp-la (Rélijiozité popilè-a)

1674

An déyò litiji sakréman-yo ak sakramantal-yo, katéchèz-la doué konsidéré fòm piété fidèl-yo épi rélijiozité popilè-a. Sans rélijijé pèp krétyin-an toujou jouinn ékspresion-l nan diféran fòm piété ki antouré lavi

2688 sakramantèl l'Égliz-la, tankou vénérasyon rélik-yo, vizit sanktuè-yo,
2669, 2678 pèlerinaj, prosésion, chémin-d-koua, dans rélijiez, Rozè, méday, etc. (cf. Cc. Nicée II : DS 601 ; 603 ; Cc. Trente : DS 1822).

1675 Éksprésion sa-yo prolonjé lavi litijik l'Égliz-la, min yo pa ranplasé-l :
« Réyèlman, yo doué réglé minm pratik sa-yo yon fason ki pran tan litijik-
yo an konsidérasyon, pou yo konfòm ak litiji sakré-a, pou sé nan li yo soti
nan yon sèt in sans épi sé ladan-l y-ap kondui pèp-la, paské sa litiji-a yé-a
sipériè anpil parapò a yo minm » (SC 13).

1676 Yon disènman pastoral nésésè pou soutni épi apuiyé rélijiozité popilè-
a, épi, si sa nésésè, pou purifié épi korijé sans rélijie ki anba dévosion sa-
yo pou fè yo progrèsé nan konésans mistè Kris-la. Yo soumèt égzèsis yo
426 anba souin ak jijman Évèk-yo ak règléman jénéral l'Égliz-la (cf. CT 54).

« Rélijiozité popilè-a, nan nouayo santral-li, anbrasé yon séri kalité k-ap bay
gran késion égzistans-la yon répons avèk sajès krétyin-an. Sajès popilè
katolik-la gin kapasité pou-l fè yon sintèz vital ; konsa, yon fason kréatif, li
mété ansanm sa-k sot nan Bondié ak sa-k sot nan moun-nan ; Kris-la épi
Mari, éspri-a ak kò-a ; kominion-an ak institisyon-an ; moun-nan ak
kominoté-a, lafoua-a ak patri-a, intèlijans-la ak santiman-yo. Sajès sa-a sé
yon 'umanism' krétyin ki afirmé radikalman dignité chak moun kòm pitit
Bondié, ki établi fondman fratènitè-a, ki aprann dékouvri lanatu-a épi
konprann travay-la, épi ki poté rézon pou viv ak kè kontan nan lajoua, minm
nan yon lavi ki vrèman di. Sajès sa-a tou sé yon prinsip disènman pou pèp-
la, yon instin évanjélik qui kapté tousuit kilè sé Évanjil-la y-ap sèvi nan
l'Égliz-la épi kilè yo vidé-l épi yo toufé-l pou lòt avantaj » (Document de
Puebla ; cf. EN 48).

RÉZIMÉ

1677 *Yo rélé sakramantal kèk sign sakré l'Égliz-la institué ki gin kòm
finalité pou préparé moun-yo pou yo résévoua sakréman-yo avèk frui
épi pou sanktifé diféran sikonstans lavi-a.*

1678 *Pami sakramantal-yo, bédiksion-yo gin yon plas ki inpòtan anpil.
Yo impliké an minm tan louanj Bondié pou sa-l fè épi pou kado-l yo,
épi intèsésion l'Égliz-la pou moun-yo kapab sèvi ak kado Bondié-yo
dapré léspri Évanjil-la.*

1679 *An déyò litiji-a, lavi krétyin-an alimanté diféran fòm piété popilè, ki
anrasiné nan diféran kilti-yo. L'Égliz-la ankourajé fòm rélijiozité ki
éksprimé yon instin évanjélik épi sajès moun-nan ki anrichi lavi
krétyin-an, min an minm tan li pran souin pou-l kléré yo palintèmediè
lafoua-a.*